*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 53 (25782)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 30 мартъи — тæргæйтты мæйы 30 бон, цыппæрæм

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ДУНЕОН АХАСТДЗИНÆДТÆ
*Æнгом æмгуыстад Китаймæ*

3 НÆ ИРЫ ФÆСИВÆД
*Тематикон фарс*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Ерыстæ хъæбысхæстæй*

**Республикæйы Сæргълæууæджы хъæппæристæ**

## Фæзындзæн Ирон æвзаджы центр

**Зындгонд куыд у, афтæмæй тагъд рæстæг Дзæуджыхъæуы фæзындзæн Ирон æвзаджы центр. Фидæны центры байгом кæндзысты чиныгкæсджытæ æмæ кинойы залтæ, уыдзæн дзы æндæр дæлхайæдтæ дæр.**

Уый тыххæй йæ телеграм-каналы ныффыста РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**.

Цæгат Ирыстоны разамонæджы ныхасмæ гæсгæ, ныртæккæ республикæйы Ахуырад æмæ наукæйы министрады специалисттæ кусынц амынд центр саразыныл. Сергей Меняйло куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй фидæн центры дуæрттæ уæрæх гом уыдзысты, мадæлон æвзагыл æнувыд чи у æмæ йæ бæстондæр сахуыр кæныны фæндон кæмæ ис, æппæт уыцы ахуырдзау фæсивæдæн.

Центры кусдзæн кинозал, сæрмагонд тæрхæджытыл дзы уыдзæн ирон периодикон мыхуыры фæрæзтæ, стæй ирон авторты чингуытæ. Центры хъомылгæнинæгтæн уыдзæн ирон хореографийы, дæсны дзурыны, театралон аивад æмæ æндæр хъуыддæгты сусæгдзинæдтимæ базонгæ уæвыны фадат.

"Центры бæстыхайы арæзт цæудзысты аивадон равдыстытæ, национ бæрæгбæттæ, тематикон фембæлдтытæ æмæ æндæр ахæм цымыдисаг мадзæлттæ. Уымæй уæлдай, кусæндоны фадæттæ сараздзысты мадæлон æвзаг ахуыр кæныны ног методикæты фæзындæн, ирон æвзагмæ бардарæг наукон иртæстытæ кæнынæн. Ныфс мæ ис, фидæны центры архайд ирон æвзаг æмæ культурæ бахъахъхъæныны хъуыддагмæ аккаг бавæрæн кæй суыдзæн, уымæй", — ныффыста Сергей Меняйло.

Ирон æвзаджы центр саразыны фæдыл амынддзинæдтæ Сергей Меняйло профилон ведомствæйæн радта 20 мартъийы. Уыимæ, ног ахуырадон-хъомыладон кусæндоны архайды фæткмæ се 'ргом раздахдзысты республикæйы уæлдæр скъолатæ дæр.

**СЛАНТЫ Аслан**

**Ахсджиаг ныхас**

## Агропромышленнон комплексы райрæзтæн

**Республикæйы агропромышленон комплексы райрæзтæн федералон центр рарвитдзæн 1,2 миллиард сомы. Уый фехъусын кодта республикæйы хойраджы æмæ хъæууон хæдзарады министр КЪУСРАТЫ Алан Опертивон штабы æмбырды. Экономикон рæзт гæрæнты уавæрты фæфидардæр кæныны оперативон штабы æмбырд амыдта РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис.**

Республикæйы æнтыстджынæй æххæст кæнынц хъæууон хæдзарады, хъæууонхæдзарадон продукцийы, хомаджы æмæ хойраджы рæзты паддзахадон программæтæ. Уый тыххæй сын федералон центр æххуысы мадзæлттæ кæны. Министр куыд радзырдта, афтæмæй ныртæккæ агротехникон куыстытæ бакæныны, фыстæ æмæ сæгътæ, стурвос дарыны, донхорыггæнæны рæзты тыххæй цæттæ кæнынц субсидитæ райсыны гæххæттытæ. Субсидитæ райсдзысты бинонты фермæтæ дæр.

Республикæйы продукциуадзджытæн сæ бон у бацархайын программæ "Агростартап"-ы, хицæн амалхъомадон хъæппæристæ равдисæг адæймæгтæ дæр æххуыс райсдзысты. **Гæххæттытæ бадæттæн ис 17-21 апрелы онг, нысантæн дихгонд æрцæудзæн 79,4 милуан сомы.** Ведомствæйы



разамонæг куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй уал 16 хъæууонхæдзарадон продукциуадзæджы цыбыр æмгъуыдмæ æфстау райстой 211,5 милуан сомы. Инвестицион æфстæуттæм балæвæрдтой 4 куырдиаты, райсдзысты 57,2 милуан сомы.

Хицауады Сæрдар куыд бафиппайдта, афтæмæй республикæйы хъæууон хæдзарад гæрæнты уавæрты фарон равдыста хорз бæрæггæнæнттæ, ацы аз дæр хъуамæ агропромышленнон комплекс рæза. "Мах хъуамæ спайда кæнæм федералон æмæ регионалон æххуысы мадзæлттæй, балæууæм нæ хъæууонхæдзарадон кусджыты цур. Хъæууон хæдзарады министрад хъуамæ йæ хъус дара гранттæм, бынæттон продукциуадзджытимæ саразут армукъатæ. Уыцы куысты спайда кæнут районты разамонджыты æххуысæй. Тауыны рæстæг мыггæгтæ æмæ хъацæнты фарста ахсджиаг у, хъуамæ зæхкусджытæ зындзинæдтæ ма 'взарой", — загъта Хицауады Сæрдар.

Куыд ма фæбæрæг кодта, афтæмæй Оперативон штабы сконд хорз фæахъаз хъæууонхæдзарадон архайдыл, сæ цæст æппынæдзух дарынц æргътæм. Бахъуаджы рæстæг æххуыс исынц федералон центрæй.



**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Аудынад**

## Сывæллæтты фæлладуагъдæн

**Цæгат Ирыстоны фæллой æмæ социалон рæзты министры хæдивæг Маматы Анджелæ кæй бавдыста, республикæйы Хицауады уæнгтæ каникулты рæстæг боныгон уæвыны лагерты сывæллæтты фæлладуагъд æмæ сæ дзæбæхкæнынадæн фадæттæ саразыны фæдыл хицæн æххæстбартæ бынæттон хиуынаффæйады оргæнтæн радтыны тыххæй уыцы закъоны проектыл сразы сты.**



**— Сæрдыгон каникулты райдайæнмæ чысыл рæстæг баззад. Боныгон уæвыны лагерты куыстæн радих кæндзыстæм цыппор милуан сомæй фылдæр фæрæзтæ. Дзæуджыхъæу æмæ республикæйы хъæууон районтæ сæхи бинонтыг бацæттæ кæнæнт сæрдыгон фæлладуагъды хъуыддагмæ. Ацы ахсджиаг фарстамæ цæст дарын æмбæлы. Нæ сывæллæтты фæлладуагъдæн иттæг удæнцой уавæртæ саразын хъæуы, — загъта Хицауады Сæрдар Дзанайты Барис.**

**Лагертæ æрбынæттон уыдзысты муниципалон ахуыргæнæндæтты æмæ уæлæмхасæн ахуырады кусæндæтты бындурыл.**

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

**Вазыгджын фарста**

## Дзыллон хабархæссæг фæрæзты архайд инвалидты царды

**2022 азæй нырмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты инвалидты ахсджиаг фарстаты тыххæй рацыд 3000 хъусынгæнинагæй фылдæр. Уыдонæй 640 — мыхуыры, 90 — телеуынынады æмæ 2000 — Интернеты.**

РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты комитет, Фæллой æмæ социалон рæзты министрад, республикон организаци "Инвалидты æппæтуæрæсеон æхсæнад", социалон æмæ барадон æххуысы æмæ цæрджыты дзæбæх кæныны организаци "Хорздзинад адæмæн", хъусæй æвзæр чи хъусы, ахæм адæмы цæгатирыстонойнаг регионалон æхсæнадон организаци "Зæлты дуне" æмæ Дауны синдромимæ адæмæн æххуысы цæгатирыстойнаг регионалон æхсæнадон организаци "Ивддзинæдты рæстæг"-ы хъæппæрисæй Дзæуджыхъæуы арæзт æрцыд тымбыл стъол: "Дзыллон хабархæссæг фæрæзты архайд инвалидты царды".

— Инвалидтæм адæмы ахастдзинады дзыллон хабархæссæг фæрæзтæн стыр ахадындзинад ис. Не 'ппæты иумæйаг хæс у, адæммæ инвалидтæм хъæлдзæг ахастдзинад æвзæрын кæнын. Хъæуы лæмбынæгдæр цæстæй кæсын æмæ æмбарын, кæуыл фыссæм æмæ дзурæм, цавæр ныхæстæ ссарын хъæуы, цæмæй нæ уацхъуыды архайджыты зæрдæтæ ма фæхудой æмæ ма фæриссой, æмæ авторæн дæр уæлдай зындзинæдтæ ма сæвзæрой, — фæбæрæг кодта йæ ныхасы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты комитеты сæрдар **Фидараты Юри.**

Фембæлд рауад ахадгæ æмæ ахсджиаг. Æхсæнадон организацитæ æмæ республикæйы дзыллон хабархæссæг фæрæзты разамонджытæ æмæ уацхæсджытæн ныхасы мидæг цы фарстатæ бæрæггонд æрцыдысты, уыдон фехъуыс уыдзысты, уæлдæр ныхас кæуыл цыд, уыцы лыггæнинаг хъуыддæгтæ хуыздæр æмæ бæлвырдадæмæй хицæнгæнæн нæй. Не 'мбæлы сæм информацион æрмæджыты фæрцы тæригъæддзинад æвзæрын кæнын. Хъæуы сæ æвдисын социумы активон архайджытæй, цæмæй сæ бинонтæ æмæ æхсæнад дæр уыной, сæ бон иуварсæй кæсын нæ, фæлæ зæрдиагæй архайын дæр кæй у, уый. Махæн нæ хæс у, инвалидтæ сæхи æхсæнады æнæзæр-




Æмбырды ныхас цыд, дзыллон хабархæссæг фæрæзты æмархайдыл инвалидты тыххæй темæтыл кусгæйæ, æрмæджытæ куыд цæттæ кæнын хъæуы, æмæ цæмæй дзыллон хабархæссæг фæрæзтæ инвалидты тыххæй алыхуызон мадзæлтты архайой, уый фæдыл кæдæм фехъусын хъæуы, уыцы фарстатыл.

дæр информаци цæттæ кæнынæн.

Цæгат Ирыстоны республикон организаци "Инвалидты æппæтуæрæсеон æхсæнад"-ы сæрдар **Бетрозты Ритæ** радзырдта сæрмагонд адæмимæ цавæр куыст цæуы, æмæ адæмæн инвалидты тыххæй цавæр информаци дæтгæ у, уый тыххæй.

— Инвалидты æнæниз дæхудтæй куыд æнкъарой, ууыл архайын, — зæгъы уый.

Республикæйы дзыллон хабархæссæг фæрæзты разамонджытæ ныфс бавæрдтой, инвалидты царды ахсджиаг фарстатыл, æхсæнадон организациты проекттыл кæй кусдзысты, уымæй.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

**Уæрæсе — Хуссар Ирыстон**

## Куырдиæттæ — конкурсы фæдыл

**Фæсарæйнаг бæстæтимæ федералон агентадæн Цхинвалы цы минæварад ис, уым кæронмæ ахæццæ, уæрæсейаг университеттæ æмæ институтты ахуыр кæныны фæнд чи равдыста, уыцы хуссарирыстойнаг фæсивæды куырдиæттæ исыны æмгъуыд.**

Уый тыххæй журналисттæн фехъусын кодта "Россотрудничество"-йы цхинвайлаг минæварады дæлхайад — Уырыссаг хæдзары кусæг **Аллæ Мандражи**.

Йæ ныхасмæ гæсгæ, уæрæсейаг уæлдæр ахуыргæнæндæтты студент суæвыны фæндон а уалдзæг равдыстой хуссарирыстойнаг скъолаты 40 рауагъдоны. Уыцы фæсивæды 'хсæн ныр арæзт æрцæудзæн сæрмагонд конкурс.

"Россотрудничество"-йы куыд фæбæрæг кодтой, афтæмæй 2023-2024 азæн Хуссар Ирыстонæн уæрæсейаг уæлдæр ахуыргæнæндæтты снысан кодтой 22 бынаты. "Ацы къæпхæныл уал куырдиæттæ æрбадæттæг фæсивæдæн арæзт цæудзысты алыхуызон тесттæ. Фæстæдæр та, бæлвырддæр дзургæйæ, 1-30 апрелы уыдонæн сараздзысты сæрмагонд фæлварæнтæ", — загъта уый.

**(Информацион агентад "Рес")**

**Алцæмæй дæр сæйрагдæр**

## Æмхуызæтты 'хсæн — фыццаг

**Бесланы 1-æм скъолайы педагогон коллектив ссис "Æмхуызæтты 'хсæн — фыццаг", зæгъгæ, уыцы Æппæтуæрæсеон премийы лауреат, номинацийы "Сывæллæттæ — алцæмæй дæр сæйрагдæр".**

"Конкурсы мингай архайджыты 'хсæн Бесланы ахуыргæнджыты равзæрстам уымæн, æмæ 2004 азы сентябры æвирхъау цауты рæстæг уыдон æртæ боны дæргъы дæр уыдысты сæ хъомылгæнинæгтимæ, ссæдзæй та, стыр хъыгагæн, фæмард сты. Иннæтæ абоны онг дæр сæ дæсныйадыл сæ зæрдæ нæ сивтой, кусынц, уымæн, æмæ, сæ хъуыдымæ гæсгæ, сывæллæттæ алцæмæй дæр сты сæйрагдæр", — ахæм хатдзæг скодтой конкурс сараздзытæ.

Кадджын хæрзиуæг скъолайы директор **Ганиты Еленæйæн** радтой Уæрæсейы Хъæбатыр **Алексей Романов** æмæ Советон Цæдисы Хъæбатыр фыд **Киприан.**

**Нæ уацхæссæг**

**Газетфыссынад**

## "Рæстдзинад" — 2023 азы фыццаг æмбисæн

**"Рæстдзинад" — 2023 азы дыккаг æмбисæн 31 мартъийы онг "Уæрæсейы пост" аразы 2023 азы дыккаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны рагагъоммæ кампани. Уыцы æмгъуыды газет "Рæстдзинад" рафыссыны аргъ баззайдзæн 2023 азы фыццаг æмбисы æмвæзадыл.**



**Уыимæ, "Рæстдзинад" кæсджыты зæрдыл лæууын кæнæм, 2023 азы дыккаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны кампанийы сæйраг æмгъуыд 1 апрелы кæй райдайдзæн, уый. Фæлæ уæд газет рафыссыны аргъ уыдзæн бæрзонддæр.**

**Нæ зынаргъ газеткæсджытæ!**

**Табуафси, спайда кæнут "Рæстдзинад" асламдæрæй рафыссыны фадатæй!**

**Редакци**

### Дзырды фарн

***Тыхджын у рæстæг.***

*Чигер*

**Боныхъæд**

**Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **30 мартъийы,** уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **2-7 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **3-5 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 12,40

**Хурыскаст** — 05,44
**Хурныгуылд** — 18,24

Валютæйы аргъ

**Доллар** — 77,08↑
**Евро** — 83,75↑

12+

Боны фæткимæ бастдзинад

# Æрдз æмæ боныхъæды ахадындзинад адæймаджы æнæниздзинадыл

**Цæгат Ирыстоны радио æмæ телеуынынады амонæн центры радзырдтой, телеуынынады мæсыг боныхъæдимæ куыд баст у, æрдз æмæ боныхъæд адæймаджы æнæниздзинадыл куыд ахадынц, радио æмæ телеуынынады æнæкъуылымпы куыстæн цавæр мадзæлттæ аразынц, уый тыххæй.**

Боныхъæдимæ æнгомдæр бастдзинад ис нæ бæстæйы сæйрагдæр телеуынынадон мæсыгæн. Останкинойы мæсыгæн проект куы арæзтой, уæд, æнæмæнг, ахъуыды кодтой, метеорологон иртасæн куыстытæн технологон гæнæнтæ цæмæй уа, ууыл. 1969 азы телеуынынады мæсыгæй цы бæрæггæнæнтæ лæвæрд цыд, уыдон иртасынæн арæзт æрцыд Центрон уæлбæрзондон гидрометеорологон арвыхъæд бæрæггæнæн бæстыхай, мæсыгыл та бафидар кодтой, уæлдæфы æлхъывдад чи бæрæг кæны, ахæм метеорологон барæнтæ. Уыдон лæууынц зæххы уæлцъар æмæ, мæсыджы бæрзæнд цас амоны, уымæй авд бæрзæндыл ахæм бæрæггæнæнтыл: 85, 128, 201, 253, 305, 385 æмæ 503. Уыцы барæнты æххуысæй бæрæггонд цæуы зæххы уазал æмæ тæвды бæрц, уæлдæфы æлхъывдад, йæ уазал æмæ тæвд, йæ уымæлад, дымгæйы тых, мигъты бæрзæнд, уымæй дарддæр ма цæстдард цæуы æрдзы фæзындтытæм дæр. Барæнтæ алы бæрзæндыл кæй лæууынц, уый фадат дæтты, тæвд æмæ уымæлад алы бæрзæндыл куыд хицæн кæнынц, уый базонынæн. Уый, æнæмæнг, ахъаз у алы бон раст боныхъæд бæрæг кæнынæн. Останкинойы станцæйы бæрæггæнæнтæ иннæ метеорологон станцæты б æ р æ г г æ н æ н т и м æ абаргæйæ, фадат дæттынц боны ахаст растдæр сбæрæг кæнынæн.





Останкинойы мæсыджы метеорологон станцæ у дунейы æппæты бæрзонддæр. Фæлæ йæ диссаг æрмæст уый мидæг нæй. Останкинойы метеосистемæ боныхъæды тыххæй бæрæггæнæнтæ дæтты алы 15-20 секунды, иннæ метеостанцæтæ та сахатмæ иу хатт.

Останкинойы метеостанцæ канд боныхъæд бæрæг кæнынæн пайда нæу. Уый ма æмбарын кæны, атмосферæ бæрзонд арæзтæдтыл куыд ахады, æмæ бæрзонд объекттæ аразгæйæ, хынцын кæй хъæуы климæтон æмæ бирæ æндæр уавæртæ.

Уæрæсейы телеуынынады æмæ радиойы цæгатирыстойнаг филиалы директор **Æгъуызарты Роберты** ныхасмæ гæсгæ, алы регионы дæр телеуынынадон хыз аразгæйæ, зæрдыл дарын хъæуы, климæты хицæндзинæдтæ, боныхъæды фæивд, уæлдæфы уымæлад æмæ дымгæтæ. Уымæ гæсгæ бæрæггонд цæуы, антеннæ цавæр æрмæджытæй арæзт æрцæуудзæн, уый. Арæзтадон технологитæй æмæ æрмæджытæй раст пайдагонд куы цæуа, уæд уый у радио æмæ телеуынынады æнæкъуылымпы куысты нысан. Æппæт уыцы фарстатæ абон æххæстгонд цæуынц Дзæуджыхъæуы телеуынынады мæсыджы арæзтады.

Климæтон уавæртæ нæ хынцгæйæ, æппæт бæрзонд мæсгуытæн дæр къæвдайы рæстæг тæссаг у арвы цæфæй.

— Нæ республикæйы телеуынынады антеннæйы бæрзæнд у 182 метры. Æрдзон фыдбылызы ныхмæ алы объектæн дæр æххуыс сты арвы цæфæй бахизыны мадзæлттæ, — зæгъы Æгъуызары-фырт.

Арвæрттывды электрон тых телеуынынады мæсыгыл куы сæмбæлы, уæд æй, арвæрттывдæй бахизыны уагæвæрд зæхмæ саразы, сæрмагондæй уый тыххæй цы арфгонд æфсæйнаг дзыхъхъ арæзт æрцыд, уырдæм. Уыцы системæйы фæрцы разряды энерги ахæлиу вæййы æмæ зиан не 'рхæссы.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

Фембæлд

## Ныхас – спортивон хъæбысхæстыл

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис фембæлд республикæйы спортивон хъæбысхæсты минæвæрттимæ.**

Ныхасы архайдтой республикæйы физкультурæ æмæ спорты министр **Хъоцыты Сослан**, финансон ведомствæйы разамонæг **Исахъты Олег**, уæгъдибар хъæбысхæстæй Цæгат Ирыстоны иугонд командæйы паддзахадон тренер **Тедеты Марик** æмæ иннæ специалисттæ.

Тедеты Марик куыд радзырдта, афтæмæй ныртæккæ республикæйы уæгъдибар хъæбысхæстæй архайынц 6 мин спортсмены бæрц. Хистæр кары иугонд командæйы уæнгтæ сты 60-70 хъæбысæй хæцæджы. Уыдонæй Уæрæсейы чемпионатмæ рацæудзысты 25-30 адæймаджы. Республикæйы Хицауады Сæрдар куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг кæддæриддæр у спорты фарс.

"Цæгат Ирыстоны Олимпиаг чемпионты зонынц æппæт бæстæйы æмæ дунейы дæр. Нæ бон у зæгъын, æмæ нæ куырдадз тынг хорз кадртæ уадзы. Сæ тренерты фæрцы спортсментæ тыхджын скъолайы æууæлтæ райсынц, сæ бæрæггæнæнтæ вæййынц бæрзонд. Ерысты цæмæй æнтыстджынæй рахæцой, уый тыххæй сын удæнцой уавæртæ скæнын хъæуы", — загъта Хицауады Сæрдар.

Фарон республикæйы скодтой 200-йы бæрцы спортивон хъуыддаджы. Ацы азмæ дæр нысантæ бæлвырд сты. Тедеты Марик куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй спорты ацы хуыз бæрзонд бынатмæ систой, дæлдæр æй не 'руадздзысты.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Эксперты хъуыды

## Дыууæ цытджын бæстæйы 'хсæн æмгуыстад

**Зындгонд куыд у, афтæмæй ивгъуыд къуыри Уæрæсейы Президент Владимир ПУТИН Мæскуыйы фембæлд Китайы разамонæг Си ЦЗИНЬПИНИМÆ. Нæ бæстæйы Президент бафиппайдта дыууæ бæстæйы 'хсæн фидардæргæнæг базарадон бастдзинæдтæ, уæрæсейаг-китайаг экономикон ахастыты рахæцæнтæ 2030 азмæ фæбæрæг кодта.**



Уæрæсейаг разамонæджы ныхасмæ гæсгæ, Китай у нæ бæстæйы æддагон-базарадон æмкусæг. Хъуамæ дыууæ бæстæйы ацы аз базарады ахизой 200 миллиард сомы бæрцы сæрты, Уæрæсе Китаймæ фылдæр æрвитдзæн хойраджы продукци. Иумæ хъавынц саразын Цæгатаг денджызон фæндаджы рæзты кусæг оргæн. Владимир Путин куыд загъта, афтæмæй Уæрæсе æмæ Китайы бон у информацион технологиты æмæ аразгæ интеллектæй дунейы раздзогтæ суæвын.

Владимир Путин æмæ Си Цзиньпин сæ хицауадтæн бахæс кодтой бацæттæ кæнын уæрæсейаг-китайаг экономикон æмгуыстады пълан 2030 азмæ. Рахицæн кодтой аст ахсджиаг рахæцæны, семæ сты базарады æмæ финасон кооперацийы, энергетикæйы рæзт, промышленнон коопераци, хъæууон хæдзарады æмгуыстады æмвæзад фæбæрзонддæр кæныны нысантæ.

Цæгат Ирыстоны Æхсæнадон палатæйы уæнг, республикæйы сгуыхт экономист **Цориты Алетæ** куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй дыууæ бæстæйы 'хсæн экономикон æмгуыстадæн ис стратегион ахадындзинад.

"Дыууæ бæстæйы иудзинад зынгæ фæбæрæг уыдзæн Америчы фарс хæцджыты диктатыл, фашизм нал фидар кæндзысты, дунейы цæрæг адæмты традицион æмæ историон хæзнатæ нал халдзысты, сæ экономикæ хæлд нал цæудзæн.

Ныры цауты ахадындзинад фæсарæйнаг бæстæты разамонджытæ фæстæдæр бамбардзысты, дунеон культурæ æмæ экономикæ кæд уæдмæ хæлд не 'рцæуиккой. Мах та ныртæккæ дыууæ бæстæйæн стæм сабырдзинад æмæ стратегион рæзтыл архайды æвдисæнтæ", — загъта Цориты Алетæ. Куыд ма бацамыдта, афтæмæй Китай æмæ Кавказы 'хсæн базарадон-экономикон ахастыты истори сæдæгай азтæ ахсы. Зæгъæм, Цытджын зæлдаг фæндаг.

Цæгат Ирыстон Китайы алыхуызон регионтимæ куыста, зæгъæм, 2009 азы, Уæрæсе æмæ Китайы 'хсæн базарадон-экономикон форумы фæлгæты бафыстой регионы æмæ провинци Сычуаньы 'хсæн бадзырд.

"Республикæйы фæзынд Китайы Адæмон республикæимæ базарадон-экономикон æмгуыстады центр. Республикæйæ Китаймæ æрвыст цæуы нуазыны дон, бæгæны, карз нозт, хойраджы товартæ. Дыууæвæрсыг ахастытæ рæзты фæндагыл кæй сты, уый нын фадат дæтты Китайы провинцитимæ æмгуыстадæн", — зæгъы эксперт.

**Нæ уацхæссæг**

Цæстдард

## Лæбурджыты агурынц

**Назранæй Кантышевомæ æмæ Мæлгъæвæгæй Майскиймæ цæуæг фæндæгты тигъыл Цæгат Ирыстоны фæзуатыл чи æрбынæттон, къуырисæры пъæлицæйы уыцы постмæ балæбурыны цауыл слестгæнæг оргæнтæ кæй саразтой, уыцы уголовон хъуыддаг куыд æвзарынц, Цæгат Ирыстоны Прокуратурæ уымæ цæст дары.**



**Ацы хабар фехъусын кодта цæстдарæг ведомствæйы пресс-службæ. Амынд пост кæй фехстой, уый аххосæй пъæлицæйы цалдæр кусæджы фæцæфтæ сты. Барадхъахъхъæнджытæ лæбурджыты агурынц.**

**РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ**

Ахуырад

## Ерысты агъоммæ...

**Цæгат Ирыстоны райдыдта инвалидтæ æмæ æнæниздзинады цыбыргонд гæнæнтимæ адæмы 'хсæн профессион дæсныдзинадæй "Абилимпикс-2023" æвдæм республикон чемпионатмæ цæттæгæнæн хай.**



Ерыстæн фадæттæ аразынц Цæгат Ирыстоны Ахуырад æмæ наукæйы министрад æмæ национ центр "Абилимпикс"-ы регионалон хайад. Чемпионаты фидæны архайджытæ æмæ эксперттæй куырдиæттæ исын райдыдтой, бархионты цæттæ кæнынц ерыстæм. 2 апрелы æмгъуыдмæ цыппæрдæс азæй хистæр скъоладзаутæн, студенттæ æмæ хъомыл специалисттæн ис куырдиат барвитыны бар.

— Æвдæм хатт нæ республикæйы чи ацæуудзæн, уыцы æвæджиауы чемпионаты архайджытæ алы хатт дæр æвдисынц алæмæты уды хъару æмæ ног æнтыстдзинæдтæм тырнындзинад. Ацы ерысты фæрцы бирæ æрыгон специалисттæ хи дæсныйады фæндаг кæй равзардзысты, уымæй мæ ныфс ис, — загъта нæ республикæйы ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ**.

Ацы аз ерыстæ кæмæ гæсгæ ацæудзысты, уыцы 13 дæсныйадæй цыппар: "Хæринаггæнæджы куыст", "Хуыйæг", "Хæдтулгæты цалцæгкæнынад" æмæ "Æндадзæн технологитæ" — куыстдæтджытæм нымад сты уæлдай ахсджиагдæртыл. Президентон платформæ "Уæрæсе — фадæтты бæстæ"-йы хайыл нымад инвалидтæ æмæ æнæниздзинады цыбыргонд гæнæнтимæ адæймæгты æхсæн "Абилимпикс"-ы профессион дæсныйады чемпионаттæ æххæстгонд цæуынц проект "Ахуырад"-мæ гæсгæ. Дæсныйад равзаргæйæ, инвалидтæ æмæ æнæниздзинады цыбыргонд гæнæнтимæ адæймæгтæ æхсæнадыл цæмæй сахуыр уой, амынд ерыстæ уымæн ахъаз кæнынц,

**РЦИ-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрады пресс-службæ**

Царды нывтæ

# Пенси райсыныл цæмæн мæт кæны?

**Уæлдæр ахуырады хицау, нырма æрыгон, хæдзардарæг нæлгоймаг кусы таксийыл. Йæ маст нæ баурæдта, уайтагъд йæ ныхас пенсийы капеччытæ исыныл фæцис. "Кæдæм нæ бацыдтæн, ахæм нал баззад, мæ фарста алы æмвæзады дæттын, фæлæ, дам, хъæугæ фыстытæ нæ арæм, табелты, дам, мызды фыстытæ нæй, цæмæй дын скæнæм пенси. Ахæм дзуапп райсын алырдыгæй дæр. Ау, шахтæйы чи фæкуыста, уымæн хъуамæ табелты фыстытæ куыд нæ уа? Нæ йæ æмбарын",— йæ ныхæстæ кæны таксийы шофыр.**

**Бирæ азты бæстæйы шахтæты чи фæкуыста, Норильскæй-Садонмæ сæ чи бавзæрста, уый хъуамæ йæ пенси райсыныл цæмæн мæт кæна?! Йæ пенсийы кармæ нæма бахæццæ, фæлæ йын хъуамæ шахтæйы куыст фæахъаз уа. Кæддæр ыл, чи зоны, фылдæр азтæ куы рацæуа, уæд райсдзæн пенси, фæлæ уый уыдзæн хуымæтæг пенси. Нæ йын банымайдзысты шахтæйы куыст, йæ фыдæбæттæ фæдзæгъæл сты. Тæрхондонмæ бадæттын ын амонынц алырдыгæй, фæлæ ууыл дæр тыхсы. Азгай кæй æвзардзысты, уыцы хъуыддагæн кæддæр цавæрдæр уынаффæ рахæсдзысты. Кæмæндæр дзы йæ зæрдæ барухс уыдзæн, чидæр та уæлдай рис райсдзæн...**

### Фондз сывæллоны фыд

Æрыгон нæлгоймаг у стыр бинонты хицау, фондз сывæллоны дары, фæлæ паддзахадæй иу фиддон дæр нæ исы. "Мæ фарстæн мын социалон кусæндоны ахæм дзуапп радтой, дыууæ фатеры, дам, дын ис æмæ дæ цотæн пособитæ не 'мбæлы. Вæййы æмæ нæм хъæумæ цавæрдæр гуманитарон æххуыс æрæрвитынц. Уæд фенын, джиппытыл сæм чи 'рбацæуы, ахæмты, æз паддзахадæй, амалхъомтæй никуы ницы æххуыс райстон", — дзуры нæлгоймаг.

Иу чидæр ын уый фæстæ афтæ бакодта, уæд та дæм æхцамæ æнхъæлмæ кастысты, радтаис сын. Цас, зæгъгæ, йæ куы бафарста, уæд, дам, иу дыууæсæдæ минæй фылдæр. Лæг бынтон сагъæссаг хъуыдыты бахауд, мæнмæ кæцæй ис дыууæсæдæ мин сомы? Кæцæй сæ хъуамæ райсон? Мæ мад пенси исы, мæ бинойнаг дæр — цыдæр капеччытæ æмæ мæ куысты æхца. Авд адæймаджы дарын хъæуы æви нæ?! Чи зоны сын уый фæстæ исы капекк радтаин, фæлæ уæддæр дыууæсæдæ мин сомы нæ...

"Мæхæдæг сывæллæттæн истытæ кæндзынæн, ахуырад райсдзысты, стæй уæд кæд кусынмæ бацæуиккой", — зæгъы сывæллæтты фыд. Куыддæр сæхиуыл фæхæцой, уæд та дын иу афон паддзахад дæ дуар æрбахойдзæн, дæ лæппуйы дын Фыдыбæстæ хъахъхъæнынмæ хонæм, зæгъгæ. Уæд та цы зæгъдзынæ? Æмæ раздæр кæм уыдыстут, бафæрсдзынæ? Фондз сывæллоны фæхæссын дæр хъæуы, рагацау фатеры тыххæй кæй бамæт кодта, уым æвзæрæй цы ис? Кæуыл хъуамæ дара йæ зæрдæ ацы фарстайы? Паддзахад ын ратдзæн фатер, æви чи суыдзæн йæ хæрзгæнæг?

Адæймагмæ тынг бирæ фарстатæ фæзыны, фæлæ сæ кæмæ хъуамæ радтæм? Дыууæ азы размæ уыдаид, уæд нæм редакцимæ нæлгоймаг æрбахаста гæххæттыл фыст домæнтæ. Ома, сывæллоны бахъуыд рæвдауæндонмæ радтын, уым ын йæ къухты бакодтой хъæугæ гæххæттыты хыгъд. Хъуамæ 28 æви 29 алыхуызон справкæйы æрбахастид. "Раздæр справкæты хыгъд аскъуыдтæ кодтон, стæй йæ ногæй баныхæстон æмæ уæм æй æрбахастон. Хъуамæ уый бæрц гæххæттытæ куыд æрæмбырд кæнон, мæ сывæллоны мæ рæвдауæндонмæ ахонын нал фæнды", — загъта нæлгоймаг.

Нæ фидæн хъуамæ гæххæттытæ æмбырд кæнынимæ баст цæмæн уа? Афтæ арф сæ цæмæн аныгъуылдыстæм? Кæрæдзи фарсмæ кабинетты чи бады, уыцы-иу ведомствæйы чи кусы, уыдон уыцы-иу ранмæ ныддзурдзысты, мæнæ ма нын ахæм бæрæггæнæнтæ рарвитут. Ау, дæ фарсмæ чи бады, уымæй сæ дæ бон райсын нæу, æви кабинеты дуарæй куы ракæсай, уæд дæ къах скъуырдзынæ? Хъуамæ алы сывæллонæн дæр уа рæвдауæндонмæ афойнадыл бацæуыны фадат. Уæдæ сын паддзахады 'рдыгæй цы æххуысы мадзæлттæ дæттынц, уыдон дæр хъуамæ саби иса. Фатер сын ис, æви нæй — уый нæ нымайгæйæ. Дæлæ, социалон паддзахад цы у, уый кæм нæ зонынц, кæд уыцы Африкæйы нæ цæрæм...

### Постхæсджытæ нæй фаг

Йæ фыстæг "Рæстдзинад"-ы кæмæн рацыд, ахæм сылгоймаг тыхстæй дзырдта, йæ бон газет ссарын кæй нæу, уый тыххæй. "Кæй нæ бафарстон, ахæм нал баззад, фæлæ йæ ничи исы. Афтæ скатай стæм, ау, уый куыд у, ныр æй кæм ссарæм", — дзырдта сылгоймаг.

Ис афтæ зæгъæн, омæ, йæ уæд рафыссут, зæгъгæ. Фæлæ, дам, посты кусджытæ газет афойнадыл нæ хæццæ кæнынц хæдзармæ. Кæм бон фæстæдæр, кæм та — ноджы фæстæдæр. Ахъуыды кæн, уæд постхæссæгыл уыйас уæз æвæрд нал ис. Тынг хорз хъуыды кæнын, Црауы Кучиты Дзерассæ, Гæдзалаты Оля постхæсджытæй куыд куыстой, уый. Раджы уыдис уый, фæлæ сæ хызынты уыйас газеттæ æвæрд уыд, сæ къухты дæр дзæбæх тыхтонтæ, фæразгæ дæр сæ нæ кодтой.

Алы хæдзармæ дæр лæвæрдтой газеттæ, журналтæ, писмотæ, телеграммæтæ. Адæймаг-иу æнхъæлмæ каст, мæнæ нæм ныртæккæ Кучиты Дзерассæ газеттæ æрбадæтдзæн, æмæ кæсыс ма нал. Цыдæр циндзинад хастой постхæсджытæ, адæймагмæ афтæ каст. Ныртæккæ ма кæд дыууæ газеты райсынц бинонтæ кæнæ иунæг, æндæр ма цы ис ранымайæн?! Сæ хызынтæ зынгæ фæрогдæр сты.

Цæмæн афтæ æгуыдзæг сты посты бастдзинæдтæ, цæуылнæ сын фаг кæнынц кусджытæ?! Хъуамæ фæцæрыны æппынкъаддæры бæрцæй ныллæгдæр цæмæн уа постхæссæджы мызд, уый, ома, уыйас стыр мызд нæу, фæлæ уæддæр хъæубæсты цæрæгæн цыдæр ахъаз фæвæййы. Посты бастдзинадыл æгуыдзæг уавæр нæ фидауы, газеттæ рафыссыны афон алы редакци дæр йæ рафыссæггаджы аргъы стырдæр хай постæн ныууадзы. Раст цыма газеттæ æмæ журналтæ далæ Якутийы фæзуæттæм вертолеттыл ласын фæхъæуы, уыйас æхца сын ныууадзæм. Мах нæ зæрдæмæ ницы хæссæм. Цымæ посты бастдзинады разамынд та?

Мах раиртæстам ахæм фæзынд, искæмæн йæ фыстæг, йæ хъуыдытæ газет ныммыхуыр кодта, уæд ма йын дыккаг бон хъуамæ иу цалдæр газеты дæр арвитæм. Ома, мæнæ дын газет дæр, кæд æмæ йæ дæхæдæг нæ фыссыс, уæддæр. Уый мæм раст нæ кæсы, се 'хсæн сты зындгонд адæм — фысджытæ, нывгæнджытæ, ахуыргæндтæ, хуымæтæг адæм. Æцæгдæр, мадæлон æвзаг бынтондæр сæфы, æмæ уæд уавæр "Рæстдзинад" рафыссынæй нæ аивдзæн, хистæр фæлтæр цардæй цæуынц, æрыгæтты газет нæ хъæуы, уæдæ посты бастдзинад дæр хорз нæ кусы. Уый та дын æцæг уавæр. Афтæтæ...

### Мæ мады куыд ныууадзон?!

Раджы уыдис ацы хабар, иу æртын азæй йыл фылдæр цæуы. Автобусы мæ фæстæ дыууæ æрыгон лæппуйы бадтысты. Иу дзы цыдæр тыхст ныхас кодта, о, дзæбæх чызг у, фæлæ, дам, дæ мады ныууадз хъæуы æмæ горæтмæ цом. "Цæй тыххæй йæ хъуамæ ныууадзон, уый мæ куы схаста, куы сахуыр кодта, ныр дæр уый фæрцы куы цæуын мæ фæндагыл... Æз мæ мады нæ ныууадздзынæн, нæ мæ хъæуы уыцы чызг", — фидарæй загъта лæппу...

Иннæ хабар та ахæм: иу горæтаг сылгоймаг дзырдта йæ чызджы тыххæй. Уый, зæгъы, чындзы ацыд æмæ хæдзармæ цыдæртæ балхæны. "Уым ын сæ йе 'фсин æмæ тиу бахæрынц. Цæй тыххæй сæ хъуамæ дара мæ чызг. Уый дæр йæ лæджы къухыл рахæцыд æмæ фатермæ рацыдысты", — æппæлыд сылгоймаг йæ чызджы æрхъуыдыдзинадæй.

Цымæ уыцы лæппуйы нырмæ чи фæхаста, йæ хæрдмæ йын æппынæдзух йæ цæст чи дардта, йæ дзаума йын чи æхсадта, иту сыл чи æвæрдта, ахуыры фæндагыл кæй руаджы слæууыд, уый та йæ хыгъдмæ цытæ бахæсса, цытæ радзура?! Уый цымæ цæуылнæ схъуыр-хъуыр кæны, лæппу, цæмæн дæ фæхастон, зæгъгæ?! Фырт ницæйаггомау у, æндæр æй сахълæг не схондзынæ...

Йæ бинойнагимæ мад-фыды хæдзарæй сусæгæй алидзынвæнд кæмæ уыд, уыцы лæппу ма сæ уаты люстрæ дæр рафтыдта æмæ афардæг сты. Изæрæй бинонтæ хæдзармæ æрбацыдысты æмæ афтид, люстрæмæ кæддæр фæкомкоммæ сты. Уæвгæ, люстрæ цы у, хæдзар куы сафтид, уæд...

**БУТАТЫ Эльзæ**



Медицинæ

## Хостæй ифтонгады къæпхæн

**"Росздравнадзор"-ы регионалон хайады разамонæг Ольгæ ДАВЫДОВА куыд фехъусын кодта, афтæмæй стæмтæй фæстæмæ нæ республикæйы æппæт аптектæ хъæугæдæр хостæй ифтонггонд сты.**

— Нæ ведомствæ аптекты уавæр сбæлвырд кодта. Куыд рабæрæг, афтæмæй фондзсæдæ аптекæй цыппарсæдæ нæуæдз иуы ис хъæугæдæр хостæ. Ацы хостæ уæйгонд цæуынц æмбæлгæ æргътæй, — загъта Ольгæ Давыдова.



Бæрнон сылгоймаджы ныхасмæ гæсгæ, регионы рафыстæуыд 50 мин рецептæй фылдæр.

— Фæстæдæрмæ æргъæвд æмгъуыдимæ ифтонгады льготон рецептты нымæц рауад æхсæз. Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрад фарста алыг кæныныл архайы. Хостæ аптекты кæй нæй, уый тыххæй льготниктæм хауæг адæмæй нæ ведомствæмæ æрбафтыд æртæ хъасты. Ацы хъæстытæ рабæрæг кодтам, — загъта Ольгæ Давыдова.

**ХУАСДЗАУТЫ Алинæ**

*Скæнæм нæ тырыса дзыллæйы номæй, —*
*Рухсмæ æнæзивæг цомут æнгомæй!..*


# НÆ ИРЫ ФÆСИВÆД

ГАЗЕТ ГАЗЕТЫ

ФАРС ЦÆУЫН РАЙДЫДТА 1994 АЗЫ 31 МАРТЪИЙЫ

2023 АЗЫ 30 МАРТЪИ — ТÆРГÆЙТТЫ МÆЙЫ 30 БОН, ЦЫППÆРÆМ №12 (86)


**Уарз дæ райгуырæн горæт**

## Ирыстоны зæрдæ

**Дзæуджыхъæу, мæ Ирыстоны зæрдæ, мæ уарзон горæт! Ды дæ мæ удæнцойад, сæрыстырдзинад.**

Кады аллейæ, Барбашовы фæз, нæ разагъды лæгты номхæссæг уæрæх æмæ сыгъдæг уынгтæ, сæйрагдæр та — нæ адæм. Фæллойуарзаг, сыгъдæгзæрдæ, уазæгыл æнувыд, йе 'гъдау йæ разæй кæмæн цæуы, фыдæлты кад æмæ намыс дæлæмæ чи нæ уадзы, Райгуырæн бæстæйы сæраппонд йæ цард радтынмæ дæр цæттæ чи у, æгадæй цæрыны бæсты кадимæ мæлæт чи 'взары. Уымæн æвдисæн, нæ сагсур фæсивæды хæствæллад уæнгтæ кæм æрæнцадысты, уыцы уæлмæрд.

Лæууын цæнгæт хидыл. Мæ цæстæнгас ахæссын мæ алыварс æвæджиауы рæсугъд хæхтыл, алæмæты улæфæн бынæттыл Терчы былгæрон... Кæддæр-иу Къоста дæр ам бадтис Поповты хæдзары акомкоммæ. Уæртæ уым та Санаты Ибрагимы хæдзары зæрдæбын ныхас кодтой горæты интеллигенцийы минæвæрттæ...

Æрцæуын Сабырдзинады проспектыл. Алы хæдзарæн дæр дзы — йæхи истори. Бирæтæ дзы — Къостайы номимæ баст. Бузныг кæддæры къупецæгтæн, махæн ахæм, архитектурон æгъдауæй æххæст, бынтæ чи ныууагъта.



Цæуын, æнцонæй мæ риуыдзаг улæфын. Хъусын музыкæйы æхсызгон зæлтæм. Мæ зæрдæ сæрыстырдзинадæй дзаг у. Цæуын мæ горæты уынгты, фыццаг хатт боны рухс кæм федтон, фыццаг къахдзæфтæ кæм акодтон, уым. Уарзын дæ æмæ уарздзынæн, цыфæнды хъæздыг æмæ рæсугъд горæттæ куы фенон, уæддæр. Мæ зæрдæйы арфы кæддæриддæр ды уыдзынæ. Уымæн æмæ мæн дæ! Æз та — дæу! Дæ хъæбул. Хъæлæсыдзаг мæ фæнды ныхъхъæр кæнын: "Æз уарзын Дзæуджыхъæу!".

Цæр мын æнусты, дидинæг кал, мæ уарзон горæт!

**КОСТЫ Сабинæ,**
**Дзæуджыхъæуы 18-æм скъолайы**
**9-æм къласы ахуыргæнинаг**

## Урссæр хæхты хъæбысы

Æз æппæтæй тынгдæр уарзын Дзæуджыхъæу, уымæн æмæ ам райгуырдтæн. Алы адæймагæн дæр йæ райгуырæн зæхх у æппæтæй адджындæр. Раст куы зæгъон, уæд мæм горæты бæсты дзырд "сахар" хуыздæр кæсы. Кæм фехъуыстон, нæ хъуыды кæнын, фæлæ, дам, хæсты рæстæг Сталин Хъулаты Хъуыбадыйы афтæ бафарста иронау: "Нæ сахар та раздæр цы хуынди?" Æмæ йын уый дзуапп радта: "Дзæуджыхъæу хуынди фыццаг нæ сахар".

Иу цалдæр ивды фæци хæхты хъæбысы сахарæн йæ ном: Владикавказ, Орджоникидзе, Дзæуджыхъæу, ногæй та — Орджоникидзе, æмæ та — кæддæр-уæддæр Владикав-



каз. Иронау та нæ уарзон сахар хуыдтам æмæ кæдфæнды дæр хондзыстæм Дзæуджыхъæу æмæ йын дзурдзыстæм: "Мах бирæ, бирæ уарзæм дæу!".

Æз ахуыр кæнын Дзæуджыхъæуы рагондæр скъолатæй иу — 13-æм скъолайы. Хæссы Иры номдзыд хъæбул, поэт, публицист, нывгæнæг Хетæгкаты Къостайы ном. Нæхæдæг дæр æй æххæст не 'мбарæм, уый куыд стыр кад у. Фæлæ нын æппынæдзух не скъолайы директор Сæлбиты Иринæ (рухсаг уæд) афтæ фæдзæхста: "Хъусут, макуы уæ рох кæнæд, Хетæгкаты Къостайы ном хæссæг скъоламæ кæй цæут, уый". Мæнмæ гæсгæ, уыдон æрмæст рæсугъд ныхæстæ не сты. Хорз ахъуыды кæнгæйæ, стыр диссаг дæр куыд нæ у — абон мах цы ран цæрæм Ирыхъæуы, уым цас зындгонд адæм цард! Мæнæ-иу не скъолайы рæзты æрбацæйцыд Къоста. Иннæ ахæм — Колыты Аксо. Не скъолайы æмкъул Ирон аргъуаны куыста, ирон чызджытæн ахуырмæ фæндаг фыццаг уый радта. Се 'ппæты фæнымайæн нæй ацы цыбыр фыстæджы, фæлæ иууылдæр æнæкæрон уарзтæй уарзтой нæхи Дзæуджыхъæу.

Фæнды мæ æппæт дуне дæр фенын, бæллын фæсарæнтæм балцы ацæуынмæ, фæлæ мæ цæрын фæнды ам, нæхи Дзæуджыхъæуы! Ам цы рæсугъд хæхтæ ис, ахæмтæ æндæр никæм фендзынæ, йæ сыгъдæг уæлдæф, æппæтæй рæсугъддæр æрдз. Ардæм, Ирыстонмæ, уазæгуаты æрцæуынц Уæрæсейы алы регионтæй æмæ ма суанг фæсарæнтæй дæр. Æмæ, æнæмæнг, ам сæмбæлынц зæрдæхæлар, уазæгуарзон адæмыл.

Æз бирæ уарзын мæ райгуырæн сахар!

**ДЖИГОЛАТЫ Елизаветæ,**
**Дзæуджыхъæуы 13-æм скъолайы**
**7-æм къласы ахуыргæнинаг**

## Мæ бæллицты сахар — Дзæуджыхъæу

**2024 азы Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы сæйраг горæт Дзæуджыхъæуыл сæххæст уыдзæн 240 азы. Уыцы юбилейыл аккаг хуызы сæмбæлыны нысанимæ республикæйы культуронбæстæзонæн проект "Дзæуджыхъæу — бæллицты сахар" арæзт кæй цæуы, уый тыххæй "Рæстдзинад" хъусын кодта. Расидт æй æхсæнадон змæлд "За наш Владикавказ!" Культурæйы уæрæсейаг фонды РЦИ-Аланийы регионалон хайады хъæппæрисæй.**



Проекты фæлгæты мадзæлттæй иу у скъоладзауты 'хсæн цыбыр радзырдты конкурс "Æз уарзын Дзæуджыхъæу". Абон мыхуыр кæнæм иронау фыст куыстытæн сæ хуыздæртæ.

Конкурс амидингæнджытæ бузныг зæгъынц æрыгон автортæн æмæ сæ ахуыргæнджытæн. **Сланты Аминæйы** бацæттæ кодта **Тедеты Анжелæ, Косты Сабинæйы — Дзгойты Зинæ, Джиголаты Елизаветæйы — Танделаты Розæ, Хосонты Маргаритæ æмæ Гæбуты Хъазыбеджы — Гæдзауты Зæирæ, Хæмыцаты Дианæйы — Хадаты Фузæ**. Сывæллæттæ æмæ сæ зондамонджытæ уарзынц мадæлон æвзаг, æмæ йын йæ хæзнатæй хайджын уæнт, царды сæ къухы æнтыстытæ æфтæд!

**ТЪЕХТЫ Тамерлан**

## "Ды дæ мæ цин, мæ цардамонд..."

**Райгуырæн бæстæ зынаргъ у алы адæймагæн дæр. Кæмфæнды куы уай, цыфæнды стыр бæстæтæ куы фенай, уæддæр дæ зæрдæ алкæддæр баст уыдзæн дæ райгуырæн зæххимæ. Мæнæн дæр ис ахæм уарзон уæзæг — Дзæуджыхъæу. Ам цæрынц мæ ныййарджытæ, мæ хорз æмбæлттæ. Уарзын, цы уынджы схъомыл дæн, фыццаг къахдзæф цы скъоламæ бакодтон, ме 'мкъласонты, мæ зынаргъ ахуыргæнджыты. Уарзын мæ Иры бæстæ, ам ис мæ уидаг, мæ зæрдæ. Ам арвыстой сæ цард мæ фыдæлтæ æмæ ацы зæххыл рæсугъдæй ныууагътой сæ къахвæд.**

Сæрдыгон райсом. Горæт хъал кæны йæ тарф фынæйæ. Уынгты цæуæг нæй. Хур скæсынмæ хъавы, арв — алыхуызон ахорæнтæй дзаг. æмæ мæнæ хæхты фæстæ сабыргай стылди хур. Райгуырд ног бон. Уынгты фæзындысты фыццаг бæлццæттæ. Хъуыддагхуызæй размæ тæхынц алыхуызон машинæтæ. Дæ райсом хорз, мæ уарзон горæт!



Ды мæнæн дæ аргъауы бæстæ, мæ ныфс, мæ удæнцой, мæ фидар. Æнæ дæу мæнæн нæй цæрæнбон, амонд, нæй мын фидæн. Райсомæй куы нæ фенон нæ урссæр хæхтæ, куы нæ сулæфон дæ сыгъдæг уæлдæфæй, куы нæ атезгъо кæнон ме 'мбæлттимæ дæ уынгты, Терчы былгæрæттыл куы нæ азилон, мæргъты зарджытæм куы нæ байхъусон, уæд уый цæй цард у!

Бирæ рæсугъд бынæттæ ис нæ горæты, фæлæ мæ зæрдæйæн хæстæгдæр у Къостайы номыл фæлладуадзæн парк, мæ сабибонтæ кæм арвыстон, уый. Ардæм мæ арæх кодта мæ мад, æмæ абон дæр у мæ уарзондæр бынат. Алы къуым дæр дзы зонгæ у. Парк аив у кæддæриддæр, фæлæ, мæнмæ гæсгæ, фæззыгон уæлдай рæсугъддæр вæййы. Алырдæм акæс, æмæ фендзынæ сырх- морæ- бурсыфтæрджын бæлæстæ.

Парчы уæвгæйæ мæм афтæ фæкæсы, цыма бæлæстæ дæр мемæ сусæг ныхас фæкæнынц. Æз дæр сæм хъусын, æмæ мæ зæрдæ байдзаг вæййы цавæрдæр æгæрон æхсызгондзинадæй. Ноджы ма мæ фæфæнды сæ аууоны абадын æмæ ахъуыды кæнын. Æвæццæгæн, фæндараст зæгъын мæ сабибонтæн, мæ æнæмæт цардæн. Разæй — æбæлвырддзинад, цы уыдзынæн царды мидæг? Фидарæй зонын: мæ зæрдæ нæ сивдзынæн мæ горæтыл, мæ цард, мæ куыст уыдзæн æрмæстдæр ам!

Рæсугъд, сæрибар, фæрнæйдзаг, хъæлдзæг у, мæ зынаргъ бæстæ!

Æрмæстдæр дæ риуыл дæн æз амондджын, поэты загъдау: "Ды дæ мæ цин, мæ цардамонд...".

**ХОСОНТЫ Маргаритæ,**
**Дзæуджыхъæуы**
**26-æм скъолайы**
**8-æм къласы**
**ахуыргæнинаг**

## Фын

Сывæллон ма куы уыдтæн, уæд мын мæ нана зæрдæ бавæрдта, горæтмæ дæ мемæ акæндзынæн, зæгъгæ. Æз тынг бацин кодтон, фæлæ дзæбæх не 'мбæрстон, горæт цы у, уый. Цалдæр хатты йæ бафарстон, æмæ-иу мын загъта: "Фендзынæ йæ дæхæдæг". Афтæ мæ дисы бафтыдта, æмæ дын æхсæвы фын куы фенин. Цыма фестадтæн кæмдæр хохы цъуппыл. Хохæн йæ цъупп цыргъ нæ уыди. Нывты куыд вæййы, афтæ, фæлæ лæгъзгомау. Кæсын уырдыгæй бынмæ æмæ уынын стыр хъæу. Афтæ рæсугъд уыдис, æмæ йæм кæсынæй не 'фсæстæн. Дæрдтыл йæхи айтыгъта хъæу. Цæхæртæ калдта алырдыгæй... Фехъал дæн. Кæсын, мæ цæст хæссын алырдæм æмæ уынын диссаджы цæрæнбынат. Фæрсæй-фæрстæм дзы цæрынц ивгъуыд æмæ абон. Ныллæг хæдзæртты фарсмæ хæрдмæ фæцыдысты бæрзонд æмæ райдзаст бæстыхæйттæ. Нарæг уынгты фарсмæ дæргъæй-дæргъмæ сæхи аивæзтой уæрæх æмæ лæгъз фæндæгтæ. Æмæ йæ бынат та? Раст цыма æрдзы хъæбысы ис, афтæ...

Йæ алыварс хæхтæ хæрдмæ фæцыдысты уæйгуытау. Цы хохы цъуппæй кæсын, уый цыма хъæуæн йæ сабырдзинад хъахъхъæны, афтæ мæм кæсы. Сæрбæрзондæй йæм фæлгæсы бынмæ. Мадау рæвдауы йæ быны цæрæг адæмы. Хуры фыццаг тынтæ арвыл куы фæзынынц, уæддæр раздæр хæхты риуыл андзæвынц, уыдон ын райсынц йæ судзаг тых



сæхимæ, уый фæстæ та дарддæр апырх вæййынц.

Рæсугъд у нæ горæт афæдзы кæцыфæнды афон дæр. Уалдзæг æй йæ цъæх разгæмтты куы æрбатухы, урс-урсид сæрбæттæн ыл куы 'ркæны, уæд, ног чындзау, вæййы нæ горæт. Сæрды та, хъулон-мулон гæлæбуйау, цæхæр калы. Сæрдыгон æнуд æмæ æнтæф бонты фæстæ къæвдайы ставд æртæхты йæхи куы ныннайы, уæд ма уымæй æхсызгондæр адæймагæн цы вæййы.

Фæлæ мæнæ фæззæг дæр æрбахæццæ. Бурдзалыг, сыгъзæрин фæззæг йæ сыфтæрджын пæлæз байтауы зæххыл. Уый фæстæ та дард цæгатæй йæ базыртыл зымæджы митфæлдзæгъдæн æрбахæссы. Мæ горæты уынгтæ, парктæ урс-урсид фестынц. Хæхты цъуппытæ, æвзистау, æрттивынц. Терк сабыр, æнæуынæрæй цæуы размæ.

Кæдфæнды дæр зæрдæйæн уарзон у Дзæуджыхъæу. Домбай, тыхджын горæт. Бирæ фыдæбæттæ бавзæрста царды мидæг, уæлдайдæр Фыдыбæстæйы Стыр хæсты заман. Фæлæ ныффæрæзта. Уымæн æй хонын домбай æмæ ныфсджын.

Цалдæр боны фæстæ ссыдыстæм горæтмæ мæ нанаимæ. Горæтгæрон стыр рæсугъд дамгъæтæй бакастæн фыст: "Дзæуджыхъæу", æмæ мæ зæрдыл æрбалæууыд мæ фын. Æцæгæйдæр федтон диссаджы горæт, аргъæутты бæстæ.

Уæдæй нырмæ рацыд цалдæр азы. Ныр Дзæуджыхъæумæ цæуын скъоламæ дæр æмæ уынын, куыд ивы йæ хуыз, бонæйбонмæ куыд рæсугъддæр кæны, уый. Бирæ мын цæр, нæ горæт! Æз дæ тынг уарзын æмæ дæ сæрыстыр дæн, мæ уарзон Дзæуджыхъæу! Кæй ном хæссыс, уый дæр никуы ферох кæндзыстæм. Кад ын кæндзыстæм!

**ХÆМЫЦАТЫ Дианæ,**
**Дзæуджыхъæуы**
**50-æм скъолайы**
**10-æм къласы**
**ахуыргæнинаг**

## Уарзон бынат

**"Æппæты диссагдæр горæтыл**
**нымад у уыцы горæт, адæймаг**
**йæхи амондджынæй кæм фенкъары"**

*Эрих Мария Ремарк*

Алкæцы адæймагæн дæр, æвæццæгæн, вæййы уарзондæр сахар, бæстæ æмæ бынат. Мæнæн дæр уæдæ мæ уарзон бынæттæй иу у Дзæуджыхъæу. Иннæтæй аивдæр æмæ мæ зæрдæмæ æввахсдæр лæууæг у нæ сахар. Стыр кæд нæу, уæддæр йæ аивдзинад æмæ рæсугъд къуымтæй зæрдæмæдзæугæ у. Уымæ гæсгæ афтæ фæкæсы, цыма йыл адæймаг зылд нæ фæуыдзæнис æнæхъæн мæй дæр...

Райсæм-ма нæ цæугæдон Терк, горæтæн йæ фидауц. Сахар дих кæны рахиз æмæ галиу хæйттыл. Æрвылбон дæр æм ис атындзæн æмæ фенæн донæн йæ рæсугъд абухгæ уылæнты згъорд. Рæстæг мын куы вæййы, уæд æм мæхи айсын, йæ былгæрæтты ауайын, æмæ цыма ме уæнгтæ фæрогдæр вæййынц, уыйау фæвæййын... Дарддæр цæст куы ахæссай, уæд ма фенæн ис йæ иннæ рæсугъддзинæдтæ дæр, зæгъæм: Суннитты мæзджыт, уый у нæ горæты историон хæзнатæй иу. Нæ сæйраг Хетæгкаты Къостайы номыл фæлладуадзæн парчы фендзыстут æрдзы рæсугъддзинæдтæ, уæздан доныхъазты ленкгæнгæйæ. Уæдæ Сабырдзинады проспектыл дæр куыд нæ бадис кæнæм...

Ис ма нæ сахары тæмæнкалгæ аргъуантæ дæр. Сæ иу —



Сыгъдæг Георгийы номыл аргъуан. Йæ бынат дæр æвзæрст æрцыд тынг аив ран. Уæдæ нæ Ирон æмæ Уырыссаг академион театрты чи нæма уыд, æвæццæгæн, ахæм адæймаг нæ разындзæнис Ирыстоны. Æппæты рагондæрыл нæ регионы нымад у Уырыссаг театр. Арæх адæм фæцæуынц ацы аив бæстыхаймæ, фенæн дзы вæййы, не сгуыхт артисттæ кæм фæархайынц, ахæм равдыстытæ. Æдæппæт рæсугъд æмæ аив бынæттыл ныхас тагъд нæ фæуыдзæн...

Нæй, æвæццæгæн, ссарæн ахæм адæймаг, уарзон горæт кæмæн нæ разындзæн. Уæдæ мæнæн дæр ис тынг бирæ зæрдæмæдзæугæ бынæттæ, фæлæ дзы æппæты зынаргъдæр, хъарм фæд зæрдæйы чи ныууадзы, уыцы Райгуырæн бæстæ, уыцы райдзаст къуым у Дзæуджыхъæу.

Уадз æмæ рæсугъдæй-рæсугъддæр кæнæд, дидинæг æфтауæд, йæ бирæ рæсугъд бынæттæй та зæрдæ райæд!

**СЛАНТЫ Аминæ,**
**Октябрыхъæуы 1-æм астæуккаг скъолайы**
**8-æм къласы ахуыргæнинаг**

## Дзæнхъадур Кавказы фидауц

**Дзæуджыхъæу... Мæ намысджын, мæ диссаджы горæт! Афтæ мæм кæсы, цыма адæм нæ, фæлæ дæ Хуыцæуттæ сфæлдыстой ахæм дзæнæты зæххы хайыл. Дыууæсæдæ азæй фылдæр фæлгæсыс дзæнхъадур Кавказы хæхтыл. Фæкæсыс мæм аргъауæй æрхуы чырынау, дæгъæл æм ссар, байгом æй кæн, æмæ дын йæ Бæрзонддзинад истори фæдзурдзæн йæ цинтæ æмæ йæ зынтæ.**



Мæнæ Пушкины сквер. Ам кæддæр гени уазæгуаты æхсæвиуат кодта. "Мах бахæццæ стæм Дзæуджыхъæумæ. Йæ алыварс ис ирон хъæутæ", — фысдзæн уый йæ боныджы. Бирæ номдзыд нæмттæ дары йæ зæрдыл ацы бынат: Грибоедов, Толстой, Полонский, Александр Дюма-хистæр, Лермонтов...

Мæнæ диссаджы рæсугъд аргъуан Терчы былгæрон, мæнæ Къостайы номыл фæлладуадзæн парк! Тезгъо кæнын мæ зынаргъ уынгты æмæ не 'фсæдын сæ уындæй!

Бонæй-бон уæрæхдæр æмæ аивдæр кæнынц мæ горæты уынгтæ, арæзт цæуынц ног хæдзæрттæ, фæндæгтæ. Уæлдай тынгдæр та фидауы йæ бæрзонд хæхтæй, йæ урсдзыкку æхсæрдзæнтæй, сыгъдæг суадæттæй, нывылсагъд къудзитæ æмæ хæрздæф дидинджытæй... Бынтон сæрыстыр та дæн нæ фæзминаг хъæбултæй. Райгуырæн зæххæн кад æмæ ном чи скодта, уыдонæн банымайæн дæр нæй!

Мæ уарзон фыссæг, ирон адæмы ирд стъалы, нæ сæрхъуызой Хетæгкаты Къостайы сфæлдыстад та зындгонд у æнæхъæн дунейы, æмæ йæ кæсынц канд Уæрæсейы цæрæг адæмыхæттытæ нæ, фæлæ бирæ фæсарæйнаг адæмтæ дæр. Сæ фæрцы мæ гыццыл Ирыстон хъуыстгонд у алы бæстæты дæр. Æмæ, кæд бирæ фыдæвзарæнтæ бавзæрста, бирæ тугкалд æрцыд мæ сæрибаруарзаг зæххыл, уæддæр йæ сæр никуы æркъул кодта, никуы йæ басаста знаг.

Цæр æмæ рæз, мæ зынаргъ горæт!

**ГÆБУТЫ Хъазыбег,**
**Дзæуджыхъæуы 26-æм скъолайы**
**9-æм къласы ахуыргæнинаг**

**Фарс бацæттæ кодта**
**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**



Спортивон фидиуæг



Хъæбысхæст

# Æвзонг богæлттæ рамбылдтой балцæгтæ

**Хъæрæсе-Черкесы Республикæйы сæйраг горæт Черкесскы грекъаг-ромаг хъæбысхæстæй 24-26 мартъийы цыдисты Цæгат Кавказы федералон зылды фыццаг бынат бацахсынил ерыстæ æрыгон (16 азы онг) богæлтты ’хсæн.**



Ирыстонæй ерысты архайдтой 24 æрыгон богалы, æмæ сæ архайд рауад раппæлинаг. Авд командæйы 'хсæн ирыстойнаг лæппутæ 1-аг бынæттæ бацахстой цыппар уæзы. Уый бæрц иннæ командæтæй никæмæн бантыст рамбулын. Уымæй уæлдай ма нæ богæлттæ рамбылдтой иу æвзист æмæ дыууæ бронзæ майданы.

Ерыстæ цы финддæс уæзы цыдисты, уыдонæй сæ ‘ппæты рогдæр æхсæз уæзæй хæрзиуæг рамбулын нæ богæлттæн бантыст æрмæстдæр иуы. 38 кг онг уæзы 2-аг бынат бацахста **Гæбæраты Автандил** æмæ **Мæргъиты Аланы** хъомылгæнинаг **Ренат Казанов.** Ренат хорз рахæцыд æмæ фæуæлахиз цыппар ныхмæлæуууæгыл, фæлæ кæронбæттæны хæрзчысыл фæкъуылымпы æмæ фæхæрд Стъараполы крайы минæвар **Эмил Амировæн**.

Нæ богæлттæй фыццаг сыгъзæрин майдан рамбылдта **Мæргъиты Марат** (йæ тренер **Хаситы Тамерлан**). 52 кг онг уæзы Марат фæуæлахиз æхсæз ныхмæлæууæгыл æмæ ссис ерысты уæлахиздзау.

Мараты бафæзмыдта **Гаглойты Вахтанг** æмæ **Гуыдиаты Ильяйы** хъомылгæнинаг **Кодзырты Марк**. Уый 57 кг онг уæзы æнæкъуылымпыйæ рахæцыд йæ æхсæз ныхмæлæууæгимæ æмæ хорзæхджынгонд ссис сыгъзæрин майданæй.

92 кг онг уæзы йæ разæй никæй ауагъта **Цæмæхъаты Нарты** хъомылгæнинаг **Цопанаты Хетæг** дæр. Хетæджы сæрæн архайды ныхмæ йæ фондз ныхмæлæууæгæй фæлæууын никæмæн бантыст æмæ сси ерысты уæлахиздзау.

Æппæты уæззаудæр богæлтты ерысы дæр фесгуыхт ирыстойнаг богал **Григорий Бутхудзе**. Тренер **Эмзар Карелидзейы** хъомылгæнинаг æнæкъуылымпыйæ рахæцыд йæ цыппар ныхмæлæууæгимæ æмæ, уыдонил фæуæлахиз уæвгæйæ, бацахста 1-аг бынат 110 кг онг уæзы.

Нæ богæлттæй ма бронзæ майдантæй хорзæхджын систы Гæбæраты Автандил æмæ Мæргъиты Аланы хъомылгæнинæгтæ **Фæрниаты Сæрмæт** (75 кг) æмæ **Кодзаты Олег** (85 кг).

Ерысты бæрæггæнæнтæм гæсгæ ирыстойнаг богæлттæй авдæн лæвæрд æрцæудзæн балцæгтæ Уæрæсейы фыццаг бынат бацахсынил ерыстæм. Уыдонæй уæлдай, амæй размæ ахæм балцæгтæ сæ къухы бафтыд æртæ не 'мзæххон богалæн.

Ерысты уæлахиздзаутæ систы: 32 кг — **Солтан Юсупов** (РД), 35 кг — **Абдулла Евлоев** (Мæхъхъæлы Республикæ), 38 кг — **Эмиль Амиров** (Стъараполы край), 41 кг — **Ильяс Дакаев** (Цæцæны Республикæ), 44 кг — **Ислам Шанов** (Хъæрæсе-Балхъары Республикæ), 48 кг — **Илез Евлоев** (Мæхъхъæлы Республикæ), 52 кг — Мæргъиты Марат (РЦИ-Алани), 57 кг — Кодзырты Марк (РЦИ-Алани), 62 кг — **Зелимхан Азимов** (Цæцæны Республикæ), 68 кг — **Алихан Чилов** (Кæсæг-Балхъары Республикæ), 75 кг — **Тамерлан Емузов** (Кæсæг-Балхъары Республикæ), 85 кг — **Александр Яшков** (Стъараполы край), 92 кг — Цопанаты Хетæг (РЦИ-Алани), 100 кг — **Сайхан Хамидов** (Цæцæны Республикæ), 110 кг — Григорий Бутхудзе (РЦИ-Алани).

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

Акци

## Мæргъты зарынмæ æнцондæр у цæрын

**Цæгат Ирыстоны цæрджытæм сидынц мæргътæн хæдзæрттæ аразыны акцийы бацархайынмæ. Мадзал арæзт у ”ЭКА” змæлды хъæппæрисæй. Эксперттæ радзырдтой, цы пайда хæссынц мæргътæ адæм æмæ сахартæн, уый тыххæй.**

— Мæргъты ахадындзинад горæты фæлгæты ахсджиаг у. Уæлдай ахсджиаг сты, уырынгонты цы хæры, уыцы хуызтæ. Сæ сæйраг нысан та уый мидæг ис, æмæ ахæм мæргътæ къогъотæ æмæ бындзыты нымæц нæ уадзынц фылдæр кæнын, уыимæ, къаддæр кæнын дæр. Иннæ цъиутæ, зæгъæм, фæныкхуыз халæттæ фæхъыгдарынц стыр сахарты цæрджыты. Ныридæгæн уыцы халæтты нымæц азæй-азмæ рæзы. Фæлæ сæ пайда та уый мидæг ис, æмæ уыдон фæлхæрттæ хæрынц. Афтæмæй ивынц уырыты, кæцытæ сты низтæ парахатгæнæг цæрæгойтæ.



Иннæ сæйраг хабар та у мæргъты зард. Сахары цы хъæлæбатæ фæцæуы, уыдон халынц зæлынадон уавæр, мæргътæ та йæ хуыздæр кæнынц. Уыимæ, сæ зардæй адæймаджы зæрдæ дæр барухс вæййы, сæ куыст та æнцондæрæй феххæст кæнынц, — загъта биолог **Дмитрий Федотов.**

Акцийы бацархайæн уыд сайт Ecowiki.ru- йы. Сайты æвæрд уыдысты, куыд ерысы домæнтæ, афтæ, цы зæрдылдарæн лæвæрттæ ис рамбулæн, уыдон дæр. Акцийы архайыны мадзал цыдис 30 мартъимæ.

**ГОБОЗТЫ Агуындæ**

Аивад

# Мюзикл “Фатимæ”

**Иннæ аз апрелы Дзæуджыхъæуы равдисдзысты Хетæгкаты Къостайы æмном поэмæмæ гæсгæ мюзикл ”Фатимæ”. Продюсер ХАБЫЦТЫ Хъазыбеджы ныхасмæ гæсгæ, рæхджы егъау проект æххæст кæнын райдайдзысты.**



17 апрелы Дзæуджыхъæуы Культурæйы галуан "Металлург"-ы ацæудзæн, мюзиклы архайынмæ æвзæрсты фыццаг туры архайыны бар дзы уыдзæн профессион актертæм, аивæдты факультетты студенттæ æмæ зарынмæ дæсны 17-27-аздзыд фæсивæдæн.

Мюзиклы сæйраг архайджыты æвзæрст ацæудзæн Хуссар Ирыстоны дæр. Уæвæн ис, æмæ сыхаг республикæйы актертæ дæр мюзиклы архайдзысты.

— Мюзиклмæ æвдисæм стыр домæнтæ. Мюзиклæн цытджын Къостайы уацмыс равзарæг актерты ‘хсæн биноныг ныхас рауад. Къостайы "Фатимæ" равзаргæйæ, нæхимæ стыр бæрндзинад райстам. Зындгонд Къостайы уацмыс бирæ фыдыбæстон æмæ фæсарæйнаг аивадуарзджытæ цæмæй феной, уый мах фæнды, — загъта продюсер.

Уырыссагау кæй æвдисдзысты, уыцы мюзиклы азæлдзысты ирон зарджытæ дæр.

Тайсауты Олег кæй аивадон разамонæг уыдзæн, уыцы мюзиклыл бакусдзысты культурæйы зындгонд архайджытæ. Мюзиклы режиссерæй сæвæрынмæ хъавынц **Æлбегаты Алан**, **Хъæрджынты Изабеллæ**, æмæ **Пагæты Фатимæйы**.

**БÆЗЗАТЫ Алинæ**

Экологи

# Терк фæсыгъдæгдæр уыдзæн

**Терк та ногæй бахаудта Уæрæсейы тæккæ чъизидæр цæугæдæтты нымæцмæ. Уыдонимæ сты: Обь, Волгæ, Амур, Днепр, Енисей, Урал, Дон, Цæгатаг Двинæ æмæ Колыма.**



Уый тыххæй æрмæг ныммыхуыр кодта "Уæрæсейаг газет". Нæ республикæйы Æрдзы æвæрæнтæ æмæ экологийы министрады нæ уацхæссæгæн куыд радзырдтой, афтæмæй Терчы уавæры сагъæссаг фарста сæйрагдæр уый мидæг ис, æмæ цæугæдонмæ ‘ввахс бирæ куыстуæтты нæй, сæ куысты рæстæг цы донæй спайда кæнынц, уый сыгъдæг кæныны фæрæзтæ. Æмæ уыцы чъизи дон афтæмæй кæлы Теркмæ. Уавæр цæхгæр фæхуыздæр уаид, нæ цæугæдон национ проекты фæлгæты реабилитацийы программæмæ куы бахæссиккой, уæд. Ныртæккæ уыцы фарста алыг кæныны тыххæй цæуы ахадгæ куыст.

Росгидрометы бæрæггæнæнтæм гæсгæ Терчы дон чъизи кæнын байдайы, суанг йæ райдианæй — Тырсыгомæй. Азæй-азмæ дæр дзы ссарынц фылдæрæй-фылдæр уæззау згъæры æмæ органикæйы цæххытæ. Уый æвзæрырдæм зыны доны хъæдыл. Афтæмæй та Терк тынг æхсызгон хъæуы æппæт регионы хъæууон хæдзарады, йæ фылдæр хайæ пайда кæнынц хуымтæ донхорыг кæнынæн. Уымæй уæлдай, Теркæн стыр ахадындзинад ис кæсæгты куыстады.

**ДАТИТЫ Ольгæ**

Газеткæсджытæ фæрсынц

## Иронау сын зæгъæн ис

**Офис** — кусæнуат, уæттæ
**Витрина** — æргомæвдыст
**Сигнализация** — фæдисгæнæн
**Заказывать** — фæдзæхсын
**Заказ** — фæдзæхст
**Регистрировать** — æрфыссын
**Регистрация** — æрфыст
**Прописка** — фыст
**Гарантия** — фидар дзырд, бæрн
**Дата** — рæстæгæвдисæг бæрæггæнæн
**Заблокировать** — къуырцдзæвæн сæвæрын
**Разблокировать** — къуырцдзæвæн сисын
**Тариф** — фиддонты бæрц
**Пропустить товар через компьютер** — компьютерыл ауадзын
**Меню** (в сот. телефона) — телефоны æвæрæнтæ
**Контакты** — бастдзинæдтæ
**Настройки** — скусынгæнæнтæ
**Сигнал вызова** — фæдзурыны фидиуæг
**Аксессуары** — уæлæмхасæнтæ
**Входящий вызов** — мидæмæдзæуæг фæдзырд
**Исходящий вызов** — æддæмæдзæуæг фæдзырд
**Непринятый вызов** — нæрайст фæдзырд
**Громкость** — хъæрдæргæнæн
**Набрать номер** — номыр æрзилын
**Набранный номер** — æрзылд номыр
**Сенсорный телефон** — æнкъараг телефон
**Кнопочный телефон** — джыбыджын телефон
**Функции** — хæстæ æмæ гæнæнтæ
**Карта памяти** — зæрдылдарыны хызæг
**Зарядное устройство** — электрон тыхæмбырдгæнæн
**Чехол** — агъуд
**Брелок** — уæлаивгæнæн
**Панель** — корпус для моб. телефона — телефоны гуырахст
**Батарея для моб. телефона** — дзыппыдаргæ телефоны батарей
**Заметки** — нысантæ
**Создать контакт** — баиуæн уавæр скæнын
**Удалить контакт** — иудзинад айсын
**Загружать/скачивать с Интернета** — Интернетæй рафыссын
**SMS-подписка** — SMS-рафыссын
**Кодовое слово** — базонæн дзырд
**Повторный набор** — номыр сфæлхат кæнын
**Ожидающий вызов** — æнхъæлмæкæсæн фæдзырд
**Восстановить заблокированный номер** — æхгæд номыр байгом кæнын
**Внутри сети** — бастдзинады хызæджы мидæг
**Абонент доступен/занят** — кæмæ дзурыс, уымæ бахауæн нæй
**Голосовое сообщение** — дзургæ хъусынгæнинаг
**Комбинация** — фæдфæдыл раст равæрд
**Проигрыватель** — зæлисæн
**Открыть счет в банке** — банчы хыгъд байгом кæнын
**Аннулировать** — бынтондæр сисын
**Фотокопировать** — къамæй халдих кæнын
**Копировальная машина** — халдих исæн машинæ
**Принтер** — фыстсисæг
**Пульт управления** — разамынды фæрæз
**Клавиатура** — амонæнтæ
**График платежей** — фиддонты æмгъуыдтæ
**Оператор** — чегъре

**ЦГЪОЙТЫ Хазби**
*(Æлутоны фарсæй)*

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

# Хæдахуыр дæсны

Куыд диссаг у, æвæдза, цард. Куыдфæндыйæ дæр, рæстæгмæ æнæкæсгæйæ, йæ цыды куыст кæны. Абоны хæццæ-мæццæ царды æцæгдзинад афтæ у, æмæ цыфæнды æнæфæразонæй дæр ныййарджытæн сæ бон у сæ цотæн сæ курдиатмæ гæсгæ æххуыс кæнын, цæмæй уæрæх къахдзæфтæ кæной бæллиццаг сомбонмæ.

Раджы заманы цал æмæ цал хъаруджын фæсивæды минæварæн нæ фæцис фадат йæ бæллиц сæххæст кæнынæн. Ахæм æмбисонды курдиаты хицау адæймæгты хыгъдмæ хæссын, кæй кой ракæндзынæн, уый. Æрхæсдзынæн ын йæ цардвæндагæй цалдæр мысинаджы.

Мæ авд æфсымæрæй сæ иу уыди Ерди. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты райдайæны фынддæсаздзыдæй нæ фыд æмæ иннæ хистæр æфсымæртæ знаджы ныхмæ тугкалæн тохы куы хæцыдысты, уæд æй бахъуыдис йе скъола ныууадзын. Хæсты фæуыды рæстæгмæ йæ бригадирæй сæвæрдтой æмæ, йæхицæй бирæ кæстæр чи уыд, уыдонимæ скъоламæ цæуын йæ сæрмæ нал бахаста æмæ астæуккаг ахуырад изæры скъолайы райста.

Диссагæн дзуринаг хабар Ердийы музыкалон зæрдæргъæвдад, цы инструментыл нæ ацагътаид, ахæм нæ уыд. Сæ фыццаг гуымсæг, фæндырдзæгъдæг æмæ ма гуырдзиаг чонгуридзæгъдæг дæр, хорз цагъта уадындз æмæ зурнайæ, арæхст балалайкæйæ цæгъдынмæ дæр. Ахæм фæндырдзæгъдæг уыд, æмæ йæ дæрддæй агуырдтой, уыцы инструменттæн сæ фылдæр йæхæдæг арæзта.

Ерди зæрдиагæй æнæзивæг æххуысгæнæг уыд, хъæуы Культурæйы хæдзары цы кæфтытæ æмæ зарджыты къордтæ уыд, уыдонæн. Иуæй сын фæндырдзæгъдæг уыд, æмæ уымæн мызд никуы æрцагуырдта, иннæмæй та, хорз арæхст кафынмæ, уæлдайдæр та зарынмæ. Йæ зарынмæ хъусын йæ зæронды бонтæм дæр æхцонад лæвæрдта. Цалдæр азы уыд районы



Культурæйы хæдзары фæндырдзæгъдæг æмæ зарджыты къорды уæнг.

Абон дæр ма бирæты зæрдыл цы цау лæууы, уый дæр æхсызгонæй æрымысын. Хъæуы зымæгон фосдарæнтæ Ширачы уыдысты, уым уыдысты сæ фысты фермæтæ дæр, мит-иу куынæ уыд, уæд-иу фысты хизгæ дæр кодтой. Иуахæмы сæ фыстæй цалдæр фæхицæн сты (адзæгъæл сты), фæцагуырдтой сæ, фæлæ сæ не ссардтой. Афтæ иу къуыри рацыд. Хъæуæй сæм ныццыдысты æххуысмæ. Ерди дæр семæ. Иу æмбалимæ бæхтыл сбадтысты æмæ ацыдысты агурынмæ. Бахæццæ сты кæцыдæр хъæумæ, хъæумæ ‘ввахс ауыдтой фысты дзуг сæ фыййауимæ. Базыдтой сæ, нымæц дæр сæ сæфт фысты бæрц. Лæджы афарстой, зæгъгæ, кæй фыстæ сты. Акодта сæ фысты "хицаумæ", кæдæм цыдысты уырдыгæй хъуыст цины хъæлæба, лæг кæртмæ бахызт, ракодта фысты "хицауы", уый сыл баузæлыд, ахуыдта сæ мидæмæ. Цыбыр дзырдæй, куыд разынд, афтæмæй бахаудысты чындзæхсæвмæ. Абадын сæ кодта фынджы уæлхъус. Ерди музыканттæм фæкæсфæкæс кæны, йе 'мбал ын загъта, ды дæр куы ацæгъдис, зæгъгæ. Фысым уый æрбайхъусгæйæ, фæндыр райста æмæ йæ Ердимæ авæрдта. Цæгъдын райдыдта, уæдæ цы уыдаид. Адæм æм хъусынтыл фесты, дзæвгар куы ацагъта, уæд фæндыр йæ хицаумæ радта. Фæстæдæр æркуырдта гуымсæг, æмæ та уымæй дæр йæ зæрдæйы мондæгтæ суагъта. Фысты "хицау" æм бацыд æмæ йын зæрдиагæй ныхъхъæбыс кодта. Ды, дам, мын мæ цины фынг зынгæ фæрæсугъддæр æмæ фæхъæлдзæгдæр кодтай. Радзырдта йын, фыстæ æнæхицауæй хизгæ кæй федта, уый, æмæ сын ныр къуырийæ фылдæр сæ хицаумæ кæй æнхъæлмæ кæсы. Сæфт фыстæ разындысты, фысым сын бар радта анымайынмæ. Рахызтысты кæртмæ æмæ фысты фарсмæ сæ бæхтæ уæззау уæргътимæ, лæппутæ фефсæрмы сты. Фысым сын мидбылхудгæ сæ къухтæ райста, кæрты дуар фегом кодта æмæ сын фыстæ сæ разæй фæкодта. Ахæм уыд уыцы боны диссаг.

**КЪÆБЫСТЫ Отар,**
**фæллойы ветеран**


РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Газет "Рæстдзинад"

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

25-67-03


РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады Администраци хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæны Баситы Зæлинæйæн, йæ мад

**БАСИТЫ**
**Барисы чызг Фатимæ**

кæй амард, уый фæдыл.

Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдис хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæны цæдисы уæнг Баситы Зæлинæйæн, йæ мад

**БАСИТЫ**
**Барисы чызг Фатимæ**

кæй амард, уый фæдыл.

Зиан рахæсдзысты 30 мартъийы, цыппæрæмы, Гагкайыфырты уынджы, 11-æм хæдзарæй.

Газет "Рæстдзинад"-ы кусджытæ хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц Баситы Зæлинæйæн, йæ мад

**БАСИТЫ**
**Барисы чызг Фатимæ**

кæй амард, уый фæдыл.

Газет "Рæстдзинад"-ы кусджытæ хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц газет "Северная Осетия"-йы хистæр уацхæссæг Гуыбыраты Зæлинæйæн, йæ фыд

**ГУЫБЫРАТЫ**
**Махарбеджы фырт Вячеслав**

кæй амард, уый фæдыл.


Номыры радхæссæг редактор — **Касаты Батрадз.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
**Дизайн:** 1-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;** 2-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;** 3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;** 2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;** 3-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;** 4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацийы къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)

Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**
Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Бæрнон нымæрдар: **Саутæты Тамилæ — 25-93-68.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмицаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ — 25-96-31.** Къамисæг: **Хъæйырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ ныхтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ авторæн дæр фæстæмæ нæ 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоны бæрнондзинад хæссынц сæ авторæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыхæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.

Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3474.
Заказ № 330.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.



**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**